# Càmbar VIH: Ab Téere tegtal ngir jëfandikukat

NYC Health

## Defal Càmbar VIH muy sa Saytu Wérgi-yaram ay yoon yu bari


Soo sëyee wala nga jël dorog, defal càmbar benn yoon ci at mi lu mu yees. Li aju ci ni ngay dundee ci wàllu sëy, mën nga jëriñoo ci càmbar VIH ñett wala juróom benni weer yu nekk.

Soo gisee ni am nga VIH, tàmbalil jël paj mi ci saasi. Garab yu wóor te baax dañuy jàppale ñi am VIH ñu dundu lu yàgg te wér. Nit ñiy jël pajum VIH ba noppi ñu am téewayu doomu jàngoro ji ci deret ji buñu dul gis, mënu ñu wàll VIH ci ñeneen ñi jaare ko ci sëy.

**Càmbar VIH jàppandina ci NYC ci loo dul fay wala ci lu yomb.**

- Laajal sa doktër mu defal la càmbar VIH.
- Demal nu càmbar la ci klinik biy yëngu ci Wérgi-yaram bu aju ci wàllu sëy. Soo bëggee xam barab yi, demal ci **nyc.gov/health/sexualhealthclinics**. Képp ku am 12 at wala lu ko ëpp mën nga def càmbar VIH te sa waajur wala nit ki la yor joxewul ndigal ci klinik biy yëngu ci Wérgi-yaram saytu wàllu awra.
- Seetal kàrtu NYC Health bi ci **nyc.gov/health/map** wala nga woo **311** ngir xam foo mëna defe càmbar gi VIH wala nga defe càmbar VIH ci sa kër te doo fay kit càmbar sa bopp.

## Xeeti càmbar VIH



- **Càmbari deret ci laboraatuwaar**, muy càmbar bu jaar yoon, te dafay genne njureef yi ci fan yu neew
- **Càmbar yu gaaw**, yuy genne njureef yi ci diir bu gàtt bu toll ni 60 saa (càmbar bànt ci baraam) wala 20 simili (càmbaru tampon)
- **Càmbar yiñ def tampon gémmiñ**, te soxla wuñu jël deret
- **Kit yi ñuy jëfandikoo ngir càmbar sa bopp ci kër**, yu lay may nga càmbar sa bopp, jëfandikoo tampon gémmiñ

**Dafay yàgg balaa càmbar VIH bi di mëna gis infeksioŋu VIH bu bees.**

- Càmbar deret ci labo antisèn/antikoor VIH dafay wane infeksioŋu VIH 18 ba 45 fan ginaaw biñu sëyee ak ken.
- Càmbar yu gaaw yi ñuy def ci baraam ak ci gémmiñ mën nañu gëna yàgg, ngir gis infeksioŋu VIH 23 ba 90 fan ginaaw bi ñu sëyee ak kenn.
- Càmbar yiñ jagleel sarsë viral yi mën nañu gis infeksioŋu VIH bu bees 10 fan ginaaw bi ñu sëyee ak kenn.

**Soo bëggee xam ndax amoo VIH, defal càmbar deret ci labo 45 fan ginaaw bi nga mujjee am VIH wala test bu gaaw 90 days ginaaw bi nga mujjee sëy ak kenn.**

## Xamal Màndarga yi ci Infeksioŋu VIH bu Bees

**Màndarga yi njëkka wane ni am na infeksioŋu VIH bu bees ñooy yaram wu tàng, gland yu newwi, wala ay tëndandiir.**

- Sudee mën na am nga sëy ak ku am VIH ba noppi nga am yiile màndarga, moytul sëy ak keneen, nga dem ci saasi ci klinik bi nga càmbar ndax amoo VIH.
- Du képp ku am VIH mooy gis màndarga yii.

## Ay Anam ngir Fagaru ci VIH

**Deel faral di càmbar ndax amoo VIH.** Boo amee VIH, soo teelee càmbar, ngay gaawa tàmbali paj mi ngir am wérgi-yaram te baña wàll VIH ci ñeneen.

- **Defal càmbar nga faju ci yeneen feebar yu nuy am jëlee ci awra (sexally transmitted infections, STIs).** Feebaru sëy du saa yu nekk lay wane ay màndarga, te mën na yombal am wala tasaare VIH.
- **Jëfandikool Kawas.** Kawas yi dañuy jàpale ngir moytu VIH, yeneen feebar yu ñuy joxe ci awra, ak ëmb.
- **Nanga jël PrEP ngir moytu VIH.** Prophylaxie bunu teela jog (pre-exposure prophylaxis, PrEP) garab la gu wóor te baax ngir moytu VIH. PrEP jàppandina ci doom bis bu nekk wala pikiir bi ngay def ñaari weer yu nekk.
- **Nanga jël PEP ci lu gaaw sudee danga sëy ak ku am VIH.** Garab yi nekk ci prophylaxie ginaaw bi nga sëyee (post-exposure prophylaxis, PEP) mën na fagaru VIH ginaaw ba nga sëyee ak kenn ku am doomu jàngoro bi sudee tàmbali nañu ko ci diir bu weesuwul 72 waxtu. NYC PEP ci saasi wooteel (NYC PEP Hotline) 24/7 ci 844-3-PEPNYC (844-373-7692).

---

Ngir am ci yeneen leeral ak yeneen tegtali jëfandikukat, demal ci **nyc.gov/health/hiv** wala nga eskane kodu QR bi.